



Pou Piblikasyon Imedya: 02/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE
DEPATMAN SANTE ETA A TE APWOUVE NOUVO PWOTOKÒL POU OTORIZE
TRANSFÒME APARÈY BiPAP YO AN VANTILATÈ**

*Eta a te achte 3,000 aparèy BiPAP nan men Philips nan Pittsburgh; gen 750
aparèy BiPAP ki deja nan estòk*

*Eta a pral mennen yon ankèt lopital-pa-lopital pandan lannuit pou fè envantè
founiti chak lopital; Nou mande pou tout lopital yo bay founiti ke yo pa bezwen
aktyèlman nan yon estòk santralize pou distribiye yo nan lopital ki gen plis
bezwen*

*21,000 moun ki pa nan Eta a te volontè pou travay nan Sistèm Swen Sante New
York la pandan pandemi COVID-19 la; 85,400 pwofesyonèl sante te enskri kòm
volontè nan kad gwo vag ekip swen sante a jiskaprezan*

*Ankouraje biznis yo kòmanse fabrike pwodui PPE; Eta a ap peye pou transfòme
sant fabrikasyon yo pou fabrike pwodui PPE*

*Konsomatè yo ak ti biznis yo gen difikilte finansye piske COVID-19 la ka lakòz
ranvwa peman prim asirans sante yo rive 1ye jen 2020*

*Peryòd enskripsyon espesyal pou Nouyòkè ki pa gen asirans yo aplike pou
asirans atravè Eta Sante New York la oswa dirèkteman nan konpayi asirans yo
pwolonje jiska 15 me 2020*

*Si ou pèdi asirans anplwayè, ou dwe aplike nan 60 jou apati lè ou pèdi asirans sa
a; Akòz pèt revni, Nouyòkè yo ka kalifye tou pou Medicaid, Essential Plan, plan
sante sibvansyone ki kalifye oswa Child Health Plus*

*Konfime 8,669 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout
Eta a nan 92,381; nouvo ka nan 46 Konte*

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Depatman Sante (Department of Health) Eta a te apwouve pwotokòl Northwell ki otorize transfòme aparèy BiPAP yo an vantilatè. Eta a te achte 3,000 aparèy BiPAP nan men Philips nan Pittsburgh ak 750 aparèy ki deja nan estòk epi pral distribiye bay lopital yo. Eta a te deja pran yon seri mezi ekstraòdinè pou achte plis vantilatè epi monte estòk Eta a, ki gen ladan swivi kote tout vantilatè yo ye nan New York epi chanje lokal yo pou satisfè pi gwo bezwen yo ak mete fen nan operasyon ki opsyonèl yo. Si

nesesè, lopital yo ka itilize vantilatè aparèy anestezi tou oswa itilize yon pwotokòl "fraksyonman" kote yon vantilatè itilize pou de pasyan atravè tib ki separe.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke Eta a te kòmanse mennen yon ankèt lopital-pa-lopital pandan lannuit pou fè envantè founiti chak lopital. Anplis de sa, nou mande tout lopital yo pou bay founiti yo pa bezwen aktyèlman nan yon estòk santral pou ka distribiye yo bay lopital ki gen plis bezwen yo.

Gouvènè a te anonse tou ke 21,000 moun ki pa nan eta a te volontè pou travay nan sistèm swen sante New York la sou yon baz tanporè pandan pandemi COVID-19 la. Jiskaprezan, 85,400 pwofesyonèl sante nan New York te enskri kòm volontè nan kad gwo vag ekip swen sante Eta a.

Gouvènè a ankouraje tou nenpòt konpayi ki gen ekipman oswa pwofesyonèl ki kalifye pou kòmanse fabrike PPE si sa posib. Eta a pare pou bay finansman a nenpòt konpayi pou jwenn bon jan ekipman ak pwofesyonèl kalifye. Biznis ki enterese pou resevwa finansman Eta a pou fabrike pwodui PPE dwe rele 212-803-3100 oswa voye imèl bay COVID19supplies@esd.ny.gov.

Gouvènè a te anonse, rive 1ye jen 2020, konsomatè ak biznis yo gen difikilte finansye piske COVID-19 la ka lakòz ranvwa peman prim yo nan kad règleman asirans sante endividyèl ak ti gwoup yo. DFS pral konsidere nenpòt pwoblèm likidite oswa sòlvabilite plan sante yo. Pandan peryòd sa a, plan sante yo pral gen obligasyon pou peye reklamasyon yo, pa rapòte peman ki anreta bay ajans evalyasyon kredi yo ak travay avèk moun yo pou ede yo fè tranzisyon nan nouvo asirans, si sa nesèsè. Anplis de sa, n ap raple konpayi asirans yo ke yo pa ka enpoze frè pou peman anreta. Gouvènè Cuomo te remèsye Gouvènè Ned Lamont pou kolaborasyon li nan inisyativ sa a.

Eta Sante New York ak Depatman Sèvis Finansye Eta New York te anonse pwolongasyon yon mwa pou peryòd enskripsyon espesyal la rive 15 me 2020 pou pèmèt Nouyòkè ki pa gen asirans yo aplike pou asirans atravè Eta Sante New York oswa dirèkteman nan konpayi asirans yo. Si ou pèdi asirans anplwayè, ou dwe aplike nan 60 jou apati lè ou pèdi asirans sa a. Akòz yon pèt revni, Nouyòkè yo ka kalifye tou pou Medicaid, Essential Plan, plan sante sibvansyone ki kalifye oswa Child Health Plus.

"N ap kontinye planifye ak prepare sistèm swen sante nou an pou lè koub la atenn somè li", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "N ap pran mezi ekstraòdinè pou achte plis ekipman pou pwoteksyon pèsònèl, jwenn kabann pou ogmante kapasite lopital ak anboche moun men toujou gen yon gwo bezwen pou tout twa eleman sa yo epi nou bezwen tout twa yo nan lòd pou lopital nou yo fonksyone toutbon ak bay swen. Vantilatè yo rete pi gwo defi nou epi jodi a Depatman Sante Eta a te apwouve pwotokòl ki pral otorize nou itilize aparèy BiPAP yo tankou vantilatè epi nou deja achte 3,000 nan aparèy sa yo pou deplwaye nan lopital ki gen plis bezwen yo."

Finalman, Gouvènè a te konfime 8,669 ka nouvo kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 92,381 ka konfime nan Eta New York. Nan total 92,381 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	253	13
Allegany	12	3
Broome	46	4
Cattaraugus	8	1
Cayuga	4	1
Chautauqua	8	2
Chemung	22	0
Chenango	28	2
Clinton	25	0
Columbia	36	5
Cortland	8	0
Delaware	22	2
Dutchess	667	120
Erie	617	153
Essex	6	0
Franklin	9	0
Fulton	6	4
Genesee	14	1
Greene	21	3
Hamilton	2	0
Herkimer	14	2
Jefferson	15	3
Lewis	2	0
Livingston	14	0
Madison	60	9
Monroe	420	71
Montgomery	8	1
Nassau	10,587	1,033
Niagara	76	30
NYC	51,809	4,370
Oneida	61	11
Onondaga	234	17
Ontario	26	2
Orange	1,993	237
Orleans	6	0
Oswego	22	5
Otsego	21	2

Putnam	216	9
Rensselaer	53	10
Rockland	3,751	430
Saratoga	132	10
Schenectady	101	8
Schoharie	8	0
Schuyler	3	1
Seneca	4	2
St. Lawrence	39	5
Steuben	43	5
Suffolk	8,746	1,141
Sullivan	143	22
Tioga	7	0
Tompkins	74	6
Ulster	240	19
Warren	18	0
Washington	12	2
Wayne	27	3
Westchester	11,567	884
Wyoming	14	4
Yates	1	1

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)